Хэгъэгу пстэуми япролетариехэр, зы шъухъу!

# Социалистическэ АДЫГЕЙ

ВКП[б]-м и АДЫГЭ ОБКОМРЭ ТРУДЯЩХЭМ ЯДЕПУТАТХЭМ ЯХЭКУ СОВЕТРЭ ЯОРГАН

Къыздэкlырэр я 18-рэ илъ.

Апрелым и 11 Гъубдж

№ 40 (3705)

ыуасэр чап. 20

# ВЕРХОВНЭ ГЛАВНОКОМАНДУЮЩЫМ и ПРИКАЗ

## *Армие генералэу МАЛИНОВСКЭМ факlо*

Я 3-рэ УКРАИНСКЭ фронтым идзэхэмэ непэ, апрелым и 10-м, пехотэмрэ ыкlи шы-механизированнэ соединениехэмрэ фэкъолайхэу къыдауахьызэ маневрэу ашlыгъэмрэ, ащ дакlоу фронтымкlэ къэкlыхэзэ атакэу ашlыгъэмрэ къахэкlэу хэгъэгум мэхьанэшхо зиlэ ихозяйственнэ-политическэ центрэу, Украинэм иобластной къалэу ыкlи первокласснэ портэу хы Шlуцlэм lутэр—ОДЕССЭ—немцэмэ яоборонэ иопорнэ пункт лъэшэу, Румынием ицентральнэ районхэмэ якlурэ гъогухэр къэзыгъэгъунэу щытэр аштагъ.

ОДЕССЭ зэраштагъэмкlэ ашlыгъэ заохэм генерал-полковникэу ЦВЕТАЕВЫМ, генерал-лейтенантэу ШЛЕМИНЫМ, генерал-полковникэу ЧУЙКОВЫМ, генерал-лейтенантэу ГЛАЗУНОВЫМ, генерал-лейтенантэу МОРОЗОВЫМ, генерал-майорэу ГОРОХОВЫМ, генерал-майорэу РУБАНЮК, генерал-майорэу КУПРИЯНОВЫМ, генерал-майорэу МАКОВЧУК ядзэхэр; генерал-лейтенантэу ПЛИЕВЫМ икубанскэ къэзэкъхэмэ якавалерийскэ соединениехэр; танковэ дзэхэмэ ягенерал-майорэу ЖДАНОВЫМ итанкистхэр; артиллерием игенерал-полковникэу НЕДЕЛИНЫМ, артиллерием игенерал-лейтенантэу ВОЗНЮК, артиллерием игенерал-майорэу ЛЕВИНЫМ, артиллерием игенерал-майорэу КОСЕНКОМ яартиллеристхэр; авиацием игенерал-полковникэу СУДЕЦ, авиацием игенерал-майорэу ТОЛСТИКОВЫМ, авиацием игенерал-майорэу ШЕВЧЕНКОМ ялетчикхэр ыкlи связым идзэхэм ягенерал-лейтенантэу ЛЕОНОВЫМ исвязистхэр къащыхэщыгъэх.

Текlоныгъэу ашlыгъэр ознаменовать шlыгъэным пае, ОДЕССЭ шъхьафит зэрашlыжьыгъэмкlэ ашlыгъэ заохэм анахьэу къащыхэщыгъэ соединениехэр ыкlи частхэр, «ОДЕССКЭ» цlэхэр афашlынхэм, орденхэмкlи наградить ашlынхэм фэшlы представить къашlынхэ фае.

Непэ, апрелым и 10-м, сыхьатэр 20-м ти Хэгъэгу истолицэу МОСКВА Хэгъэгум ыцlэкlэ тэ тидзэ шlагъохэу, ОДЕССЭ шъхьафит зышlыжьыгъэхэмэ, топ шъищырэ тlокlырэ плlырэр зэдаохэзэ, огъу тlокlырэ плlырэкlэ салют афешlы.

Черноморскэ флотым икъуахьхэмэ а охътэ дэдэм, топишъэрэ тlокlырэр зэдаохэзэ, огъу пшlыкlутlукlэ, хы Шlуцlэм lут портэу мэхьанэшхо зиlэу щытэр—ОДЕССЭ—немецкэ техакlохэмэ къаlэкlэзыхыжьыгъэ дзэхэмэ апае салют ашlы.

Шъо зэкlэ шъузипэщэ дзэхэу ОДЕССЭ шъхьафит зэрашlыжьыгъэмкlэ ашlыгъэ заохэм ахэтыгъэхэу, дэгъу шъыпкъэу зэуагъэхэмэ БЛАГОДАРНОСТЬ ясэхы.

Ти Хэгъэгу ишъхьафитныгъэрэ инезависимострэ апае ашlырэ заохэмэ ахэкlодэгъэ геройхэм егъэшlэрэ щытхъор адэжь!

Немецкэ техакlохэмэ аджалэр зэрафэтхьын!

*Верховнэ Главнокомандующэр*
*Советскэ Союзым и Маршалэу*
*И. СТАЛИН.*

Апрелым и 10 1944-рэ илъэс.

# *Советскэ Информбюром къытрэр*

## Апрелым и 9-м иоперативнэ сводкэ щыщ

Апрелым и 9-м къыкlоцlы къалэу СКАЛЭ итыгъэ къохьэпlаlокlэ тидзэхэмэ, пыеу къапэуцужьырэр ыкlи ащ иконтратакэхэр зэхакъутэзэ, пыим игруппировкэу къаухъурэигъэр зэрагъэкlодынымкlэ заохэр щашlыщтыгъэ, ыкlи населеннэ пункт заулэ щаштагъ.

Тэ тидзэхэу ПРУТ ыкlи СЕРЕТ псыхъохэм азыфагу наступать щызышlыхэрэмэ Румынием ичlыгу населеннэ пункт 200-м ехъу заохэзэ щаштагъ, ахэмэ населеннэ пункт инхэу, РОГОЗЕШТЕ, КЫНДЕШТИ, КАЛИНЕШТИ, САРАФИНЕШТИ, РУШИ, ФЭГЭДЭУ, КОТНАРИЙ, ЧЕПЛЕНИЦА, ХОДОРА, БЕЛЧЕШТИ, МУНТЕНИ, ВАЛЯ ОЙМОР, ЛАРГА, ЗАХОРНА (ЯССЭ исеверэ-тыгъэ къохьэпlаlокlэ километрэ 12-у щыl) зыфаlохэрэр ыкlи мэшlоку гъогу станциехэу ВЛАДЕНИЙ, ЛАРГА, МОВИЛЕНИ, КУКУТЕНИ, ПОДУ-ИЛОАЕЙ, БЕЛЧЕШТИ, КОТНАРИЙ зыфаlохэрэри ащыщых. Джащ тетэу, тидзэхэмэ ЯССЫ—ПАШКАНИ мэшlоку гъогур зэпаубытыкlыгъэ.

ОДЕССКЭ лъэныкъом тидзэхэр, пыеу къапэуцужьырэр зэхакъутэзэ, заокlэ ыпэ щылъыкlуатэщтыгъэх ыкlи населеннэ пунктхэу ТРОИЦКОЕ, ЯССКИ, ПЕТЕРСТАЛЬ, ЮЗЕФСТАЛЬ, МАРИЕНТАЛЬ, ЛЕНИНТАЛЬ, ФРЕЙДЕНТАЛЬ, КРАСНЫЙ ПЕРЕСЕЛЕНЕЦ (Одессэ итыгъэ къохьэпlаlокlэ километрэ 18-у щыl), ВАСИЛЬЕВКА, ПЕТРОВСКИЙ, ВЫГОДА, ГНИЛЯКОВА, ПАЛИОВО, АЛТЕСТОВО, ХОЛОДНАЯ БАЛКА, ЧЕРЕВИЧНЫЙ, АВГУСТОВКА, КОРСУНЦЫ, ШЕВЧЕНКО, ФОНТАНКА, КРЫЖАНОВКА, зыфаlохэрэр ыкlи мэшlоку гъогу станциехэу ВЫГОДА, СОРТИРОВОЧНАЯ (ОДЕССЭ исевернаlокlэ километри 5-у щыl) зыфаlохэрэри аштагъэх.

Фронтым ифэшъхьафрэ участкэхэм—разведчикхэр ащылъыхъощтыгъэх ыкlи чlыпlэ мэхьанэ зиlэ заохэр ащыкlощтыгъэх.

Апрелым и 8-м къыкlоцlы тидзэхэмэ фронт пстэуми немецкэ танки 104-рэ ащакъутагъ ыкlи ащагъэкlодыгъ. Ошъогу заохэм ыкlи зенитнэ артиллерием имашlохэмкlэ пыим исамолет 71-рэ къыраутэхыгъэх.

# ВЛКСМ-м и Центральнэ Комитеты очередной пленумэу иlагъэмкlэ информационнэ сообщение

Обкомхэм, крайкомхэм, союзнэ республикхэм я ЦК-хэм яапэрэ секретархэр хэтхэу, джырэ благъэ Москва ВЛКСМ-м и Центральнэ Комитеты ия XII-рэ пленум щыlагъ.

Пленумэр зытегущыlэгъэ вопросхэр:

А) Комсомолым школым lофэу щишlэн фаер нахьышlу шlыгъэным ехьылlагъэу lоф пкъыгъохэр — докладчикэр ВЛКСМ-м и ЦК исекретарэу тов. Михайлов Н. А.

Б) Комсомолым къуаджэм lофэу щишlэн фаемкlэ апэрэ пшъэрылъэу иlэхэр—докладчикэр ВЛКСМ-м и ЦК исекретарэу тов. Романов Н. Н.

Вопросхэу зытегущыlагъэхэмкlэ соответствующэ унашъохэр аштагъэх.

ВЛКСМ-м и ЦК исекретарынхэу т.т. Харламова А. Е., Шелепина А. Н. пленумым хидзыгъэх.

ВЛКСМ-м и ЦК ибюро хэтынхэу т.т. Харламова А. Е., Шелепина А. Н., Буркова Б. С., Красавченко Н. П., Иванова В. Н., Костенко В. С., Зимянин В. М., Сахарова К. Ф. пленумым хидзыгъэх.

Тов. Наседкин Ф. И. еджакlо зэрэкlорэм фэшlы ВЛКСМ-м и ЦК исекретарэу ыкlи бюром ичленэу lоф зэришlэщтыгъэм lуагъэкlыжьынэу къызэрэкlэлъэlугъэр пленумым удовлетворить фишlыгъ.

Пленумым хэтыгъэхэмэ гуетыныгъэшхо ахэлъэу таварищ Сталиным письмэ фагъэхьыгъ.

# СОВЕТСКЭ ИНФОРМБЮРОМ КЪЫТРЭР

## Апрелым и10-м иоперативнэ сводкэ щыщ

Апрелым и 10-м къыкlоцlы къалэу СКАЛЭ итыгъэ къохьэпlаlокlэ тидзэхэмэ, пыим игруппировкэу къыщаухъурэигъэр зэрагъэкlодынымкlэ заохэр щашlыщтыгъэ.

Румынием къалэу БОТОШАНИ итыгъэ къохьапlэ ыкlи икъыблэ-тыгъэ къохьапlэ лъэныкъохэм тидзэхэр псыхъохэу СЕРЕТ ыкlи СУЧАВА ащызэпырыкlыгъэх, къалэхэу РЭДЭУЦИ, СОЛЬКА, СУЧАВА, мэшlоку гъогу зэхэкlыпlэхэу ДЕРМЕНЕШТИ, ВЕРЕШТИ, ДОЛГАСКА зыфаlохэрэр аштагъэх, джащ фэдэу фэшъхьафрэ населеннэ пунктхэу 150-м ехъу заохэзэ аштагъэх, ахэмэ населеннэ пункт инхэу ГОРОДНИКУЛ, МАРДЗИНА, БУРЛА, АРБОРА, БОТУШАНА, ОДЕРПЕРТЕШТЕ, ИЛИСЕШТИ, ДРАГОЖЕШТЕ, ХОРОДНИЧЕНЬ, БОСЕСАНЧЕ, ЛИТЕНИ зыфаlохэрэр ыкlи мэшlоку гъогу станциехэу РЕУСЕНИ, БУРДУЖЕНИ, МИЛЕШОУЦ, БАЙА СУЧАВА, ВИКШАНЬ, ЛИТЕНИ зыфаlохэрэри ащыщых.

ЯССЭ лъэныкъом тидзэхэмэ наступательнэ заохэр щашlыщтыгъэ, ахэр ашlызэ къалэу ыкlи мэшlоку гъогу станцие инэу ТЫРГУ-ФРУМОС аштагъ, джащ фэдэу фэшъхьафрэ населеннэ пунктхэу 30-м ехъу заохэзэ аштагъэх, ахэмэ КРИСТЕШТИ, ГОЕШТИ, ВУЛТУРУЛ (ЯССЭ исеверэ-тыгъэ къохьэпlаlокlэ километри 8-у щыl) зыфаlохэрэр ащыщых.

Я 3-рэ УКРАИНСКЭ фронтым идзэхэмэ непэ, апрелым и 10-м пехотэмрэ шы-механизированнэ соединениехэмрэ фэкъолайхэу къыдауахьызэ маневрэу ашlыгъэмрэ, ащ дакlоу фронтымкlэ къэкlыхэзэ, атакэу ашlыгъэмрэ къахэкlэу, хэгъэгум мэхьанэшхо зиlэ ихозяйственнэ-политическэ центрэу, Украинэм иобластной къалэу ыкlи первокласснэ портэу хы Шlуцlэм lутэр—ОДЕССЭ—немцэмэ яоборонэ иопорнэ пункт лъэшэу, Румынием ицентральнэ районхэмэ якlурэ гъогухэр къэзыгъэгъунэу щытэр аштагъ, джащ фэдэу населеннэ пунктхэу ЗАСТАВА, ДАЛЬНИК, ТАТАРКА, ЧУБАЕВКА, ДМИТРИЕВКА, СУХОЙ ЛИМАН, НЕЙ БУРГ, ФРАНЦФЕЛЬД, АЛЕКСАНДРОГИЛЬФ зыфаlохэрэр заохэзэ аштагъэх.

Джырэ благъэ я 4-рэ УКРАИНСКЭ фронтым идзэхэмэ армие генералэу ТОЛБУХИНЫМ икомандованиекlэ, немецкэ-фашистскэ дзэхэу ПЕРЕКОПСКЭ перешейкэм ыкlи СИВАШЭ икъыблэ lушъо lутхэмэ наступление арашlылlэу рагъэжьагъ. Пыим ПЕРЕКОПСКЭ перешейкэм инэу гъэпытагъэу щиlыгъ оборонэм тидзэхэмэ пхыратхъугъ, километрэ 20-у ыпэкlэ лъыкlотагъэх, къалэу ыкlи мэшlоку гъогу станциеу АРМЯНСКЭ, населеннэ пунктхэу ШЕМИЛОВКА, КУЛА, НОВЫЙ ЧУВАШ, КАРАДЖАНАЙ, СТАРЫЙ ЧУВАШ, ДЖУЛГА, ДЕДЕ, КУРАЕВКА, ФИЛАТОВКА, КАРП-КАЗАК № 1, БУДАНОВКА, ПЯТИХАТКА, КАРПОВА, БАЛКА, ЧУРЮК, КАРП-КАЗАК № 3, ТИХОНОВКА зыфаlохэрэр аштагъэх ыкlи Ишуньскэ позициехэу пыим ыlыгъхэмэ анэсыгъэх. Ащ дакlоу тидзэхэр къалэу АРМЯНСКЭ итыгъэ къыкъокlыпlаlокlэ СИВАШ щызэпырыкlыгъэх, СИВАШЭ икъыблэ lушъокlэ озер тlокlэ зэжъум инэу гъэпытагъэу пыим оборонэу щиlыгъым щыпхыратхъугъ ыкlи населеннэ пунктхэу УРЖИН, АСКАДАН, БИЮК КИЯТ, ТЮЙТЮБЕ, КАРАНКИ, АСС-НАЙМАН, ТОМАШЕВКА, ПАСУРМАН 1 зыфаlохэрэр аштагъэх. Мэ-

(Къыкlэлъыкlорэр я 2-рэ нэкlубгъом ит).

